# TURAQLI EKONOMIKALIQ ÓSIWDI EKONOMETRIKALIQ ANALIZLEWDIŃ ÁHMIYETI

**Abdiramanov Ruslan Abdiramanovich**
**Qaraqalpaqstan Respublikası Investiciyalar, sanaat hám sawda ministrligi bólim baslıǵı**
**https://doi.org/10.5281/zenodo.13868171**

**Annotaciya:** Maqalada turaqlı ekonomikalıq ósiwdi ekonometrikaliq analizlewdiń áhmiyeti haqqında sóz etildi, Ózbekstan ekonomikasınıń turaqlı ósiwin támiyinlew menen baylanısli usınıslar berildi.

**Gilt sózler:** Ekonomikalıq ósiw, ekonomikanı modernizaciyalaw, investiciya, diversifikaciya, integraciya, infrastruktura.

Ekonomikalıq ósiwdiń statistikalıq analiziniń tiykarın, ekonomikalıq ósiw hám ósiw faktorları arasında qanday baylanıslı formaları bar, bul baylanıslılıq formalarınıń eń áhmiyetlileri qaysı hám olar basqalarınan nesi menen parıqlanıwın anıqlaw quraydı.

Ekonomikalıq ósiw hám onıń ayırım bólimlerindegi baylanıslılıq tómendegi ózgesheliklerge iye boladı. Birinshiden olar bir-birin talap etıw ózgeshelikine iye; ekonomikalıq ósiw ulıwma hár tárepleme ósiw nátiyjesi bolıp tabıladı sol sebepli de xojalıq rawajlanıwı pútkil ekonomikalıq ósiwdi belgileydi. Ekinshiden bular bir mártelik baylanıslılıq bolıp tabıladı, sebebi ekonomikalıq ósiw tárepleri sırtqı faktorlar esaplanbaydı.

Sebep-aqıbet tiykarǵı orın tutatuǵın nizamlıqlar tiykarında ekonomikalıq ósiw hám onıń ayrıqsha tárepleri menen baylanıslılıqtı analiz etıw jaqsı nátiyje bermeydi. Sebebi bul nizamlıqlarda sebep-aqıbetten tısqarı, waqıt boyınsha waqıyalardıń izbe-izligi de zárúrli áhmyetke iye boladı. Ekonomikalıq ósiw hám onıń baǵdarları arasındaǵı baylanıslılıqtı kórsetiw ushın bir waqıtta birgelikte bolıp ótetuǵın waqıyalar nizamlıqlarınan paydalanıw gózlengen nátiyjeni beredi. O.Langedıń aytıp ótkenindey birgelikte hám bir waqıtta júzege keliwshi baylanıslılıq, strukturalardı ózgertiwshi waqıya hám nizamlıqlarǵa tiyisli boladı.

Analiz etiletuǵın baylanıslılıqtıń bir waqıtta hám birge júz beriwine tiykarǵı itibardı qaratqan halda, analizdiń ekonomikalıq ósiw baǵdarların, sebep-aqıbet tiykarında emes, bálki strukturalıq ózgerisler tiykarında ámelge asıratuǵın usılınan paydalanıw maqsetke muwapıq boladı.

Strukturalıq analizde, ekonomikalıq ósiwdiń baǵdarları arasındaǵı qatnaslar hám muǵdarlıq, hám sapalıq tárepten tekseriledi. Bunda ekonomikalıq ósiwdiń baǵdarları arasındaǵı qatnaslardıń rawajlanıw dárejelerinde hám basqıshlarında saqlanıp qalıw yamasa qalmawın anıqlawdan ibarat. Bunnan tısqarı ámeldegi qatnaslardı turaqlastırıw, ózgeris jaǵdayların anıqlaw hám baǵdarların ekonomikalıq ósiw tárepine baǵdarlanıwı kerek.

Elimizdegi ekonomikalıq ósiwdi ózinde sáwlelendiretuǵın kórsetkishler Rawajlanıw strategiyasınıń tabıslı bolıwın, ekonomikalıq reformalardı tereńlestiriw hám mámleketti rawajlandırıwdıń baslı baǵdarlarında erisilgen tabıslardıń ámeliy kórinisi bolıp tabıladı. Ekonomikalıq ósiwdi támiyinlew ekonomikalıq reformalardıń barlıq baǵdarlarında ámelge asırılıp atırǵan ilajlar menen bekkem baylanıslı.

Ekonomikanı modernizaciyalaw hám texnikalıq jańalaw processlerine qaratilǵan investiciyalar (atap aytqanda shet el investiciyaları) kólemin kóbeytiw, eksport kólemin asırıw hám onıń quramın jetilistiriw, ekonomikaǵa salıq jugin kemeytiw, mámleket byudjeti

qárejetlerin jáne de optimallastırıw, bank sisteması turaqlılıǵın bekkemlew, banklerdiń kreditlew potencialın asırıw boyınsha ilajlar turaqlı ekonomikalıq ósiwge erisiw ushın faktor boladı.

Mámleketimiz ekonomikasınıń tábiyiy qásiyetleri, onıń mineral hám shiyki ónim, jumısshı kúshi resursları menen jaqsı támiyinlengenligi, ekonomikamızdıń shet el mámleketleri ekonomikasına tereń integraciyalasqanligi, jáhán pandemiyası ekonomikalıq daǵdarısınıń óz tásir kúshin ele joǵatpaǵanlıǵın esapqa alǵan halda Ózbekstan ekonomikasınıń turaqlı joqarı ósiw pátlerin támiyinleytuǵın jollar retinde tómendegilerdi sanap ótiwimiz múmkin:

✓ Islep shıǵarıwdı modernizaciyalaw, texnikalıq jańalaw hám diversifikaciyalaw jumısların dawam ettiriw;

✓ Sanaat ónimleri arasında joqarı bolǵan ónimler túrin kóbeytiw hám sapa tárepinen xalıq aralıq talaplarǵa juwap beretuǵın dárejege jetkiziw;

✓ Awıl xojalıǵında ekonomikalıq reformalardı tereńlestiriw, awıl xojaliǵi shiyki zatın tereń qayta isleytuǵın hám básekiles ónimler óndiriwshi jergilikli sanaat kárxanaları iskerligin rawajlandırıw, azıq-awqat qawipsizligi máselelerin sheshiw ushın awıllarda bekkem baza, infrastruktura hám kommunikaciyalardı jaratıw;

✓Aktiv investiciya siyasatın alıp barıw, zárúrli strategiyalıq áhmiyetke iye joybarlardı ámelge asırıw, tiykarǵı kapitalǵa baǵdarlanǵan investiciyalar kólemin, dáslep tuwrıdan-tuwrı shet el investiciyalardı tartıw esabınan asırıw;

✓ Ekonomikada salıq júgin kemeytiw, nátiyjede payda bolǵan bos pul qarjların aqılǵa say qayta bólistiriw;

✓ Kishi biznes hám jeke isbilermenlikti, xizmet kórsetiw hám servis tarawın rawajlandırıwdı xoshametleytuǵın ilajlardı dawam ettiriw hám buniń nátiyjesinde onıń JIÓdegi úlesin jáne de asırıw;

✓ Ekonomikanı turaqlı rawajlandiriwdiń zárúrli faktorı retinde xalıq bántliginiń támiyinlew, dáramatlar, tutınıw byudjeti hám ulıwma, turmıs dárejesin turaqlı asırıw, tutınıw talabın asırıwdı xoshametlew;

Juwmaq retinde tómendegi usinislardi beriw orınlı:

✓ Ekonomikalıq ósiwdiń joqarı pátlerin támiyinlew boyınsha ekonomikada strukturalıq ózgerislerdi joqarı pát penen dawam ettiriw;

✓ Mámleketimiz ekonomikasınıń eń zárúrli tarmaqları esaplanǵan sanaat, xizmet kórsetiw hám servis tarawı, awıl xojalıǵın jáne de rawajlandırıw hám olar arasındaǵı kooperacion baylanıslardı bekkemlew;

✓ Xalıq bántligi hám dáramatları dárejesiniń asıwın támiyinleytuǵın kishi biznes hám jeke isbilermenlikti jáne de qollap-quwwatlaw, olarǵa berileтuǵın kredit sistemaların jáne de ápiwayılastırıw hám de olardıń iskerligine tosqınlıq etiwshi hár qıylı faktorlardı saplastırıw;

✓ Ekonomikalıq turaqlılıqtı támiyinlep turıw ushın mámleketimiz ekonomikalıq kórsetkishlerin makroekonomikalıq hám ekonometrikalıq modeller tiykarında kóbirek hám anıqlaw analiz qılıwdı kóbeytiw kerek.

## References:

1. Oʻzbekiston Respublikasi Prezidentining 28.01.2022 yilda qabul qilingan 2022 — 2026-yillarga moʻljallangan “Yangi Oʻzbekistonning taraqqiyot strategiyasi” toʻgʼrisidagi qarori.
2. Berkinov.B.B.,Mamatova F.X. “Makroiqtisodiy barqarorlikni ta’minlash yoʻllari”.Risola. T.”TDIU”,2011.-60 b.
3. Berkinov.B.B., Axmedov U.Q., “Uy xoʻjaliklari rivojlanishi va oila daromadlarini oshirish istiqbollari”.T- “Fanvatexnologiya”,2013.-144.b
4. Shodiyev T.Sh., Xakimov T.X., Boltaeva L.R., Ishnazarov A.I., Nurullayeva Sh.. Muminova M.A. “ Ekonometrika” (oʻquv qoʻllanma). —T.: TDIU, 2007.-178-bet).

INNOVATIVE ACADEMY